

PANGEMBANGAN MEDIA AUDIO POP UP BOOK KANGGO NGUNDHAKAKE KAWASISAN NGAPRESIASI CRITA RAKYAT SMP NEGERI 17 SURABAYA

IING EKA CITRA RUSDIRA

S-1 Jurusan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya
iingrusdira@mhs.unesa.ac.id

Dra. Sri Sulistiani, M.Pd.

Dhosen Jurusan Pendhidhikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya

ABSTRAK

Materi ajar wigati banget sajrone pasinaon Basa Jawa, mula minangka guru kudu pinter-pinter anggone nata materi ajar mau supaya bisa narik kawigatene kang njalari siswa seneng marang piwulangan, mligine bab crita rakyat. Salah sijine cara kanggo biyantu siswa nggundakake kawasisan ngapresiasi crita rakyat kanthi pengembangan media *Audio Pop-Up book*.

Underan ing panliten iki yaiku (1) Kepriye proses pengembangan media *Audio Pop-Up book* tumrap kelas VII SMPN 17 Surabaya, (2) Kepriye *efektivitas* media *Audio Pop-Up book* tumrap siswa kelas VII SMPN 17 Surabaya, (3) Kepriye respon siswa kelas VII SMPN 17 Surabaya tumrap media *Audio Pop-Up book*. Ancas ing panliten iki yaiku ngandharake proses pengembangan media *Audio Pop-Up book*, ngandharake *efektivitas* media *Audio Pop-Up book*, lan ngandharake respon siswa tumrap media *Audio Pop-Up book*. Manfaat panliten iki yaiku supaya guru bisa kreatif ngembangake media pasinaon, supaya siswa luwih gampang mahami materi ajar crita rakyat, lan supaya sekolah bisa ningkatake mutu pendhidhikane.

Pola pengembangan kang digunakake rancangane Sadiman kang dimodhifikasi saka pangembangane Sugiyono, yaiku (1) nganalisis kabutuhan siswa, (2) ngrumusake tujuwan pasinaon (instructional objective) kanthi oprasional kang khas, (3) ngrumusake pokok materi kanthi rinci kang nyengkuyung kagayuhe tujuwan, (4) ngembangake piranti lan pangukur kasile pasinaon, (5) nulis naskah materi, (6) nganakake tes lan revisi. Ana saperangan langkah kang kudu ditindakake kanggo ngembangake media. Tahap kang kawiwitan yaiku nganalisis kabutuhan siswa lan karakteristik siswa. Sadurunge nganalisis masalah luwih dhisik ngumpulake dhata-dhata masalah kang dialami siswa sajrone pasinaon teks crita rakyat. Dhesain panliten kang digunakake yaiku *quasi eksperimen*. Sampel kang kapilih, yaiku kelas VII E minangka kelas uji instrument, kelas VII A minangka kelas kontrol, lan kelas VII G minangka kelas eksperimen.

Asil panliten saka validhator materi kanthi persentase 94,28% lan validhator media kanthi persentase 82,5% menehi dudutan yen materi kang kakembangake dadi media *audio pop-up book* dadi bahan ajar kang layak digunakake ing pasinaon.

Efektifitas media *audio Pop-up book* diweruhi saka asil pasinaon siswa ing kelas eksperimen lan kelas kontrol. Uji Coba 1 ngasilake t_{hitung} kelas eksperimen 18,27 dene kelas kontrol 11,31 tegese ana pambeda antarane kelas eksperimen kang nggunakake media lan kelas kontrol kang ora nggunakake media. Pambandhing asil *pre-test* lan *post-test* kelas eksperimen lan kelas kontrol ngasilake $t_{hitung} = 3,054 \geq t_{tabel} (0,05 \text{ db} = 74) = 1,666$. Asil iki nuduhake yen ana pambeda kang signifikan. Kanthi tembung liya yen Uji Coba 1 iki nuduhake H_0 ditolak lan H_a ditampa. Uji Coba 2 ngasilake t_{hitung} kelas eksperimen 20,09 lan kelas kontrol 2,5. Pambandhing asil *pre-test* lan *post-test* kelas eksperimen lan kelas kontrol ngasilake $t_{hitung} = 12,341 \geq t_{tabel} (0,05 \text{ db} = 74) = 1,666$. Asil iki nuduhake yen ana pambeda kang signifikan. Kanthi tembung liya yen Uji Coba 2 iki nuduhake H_0 ditolak lan H_a ditampa. Asil saka uji efektivitas panganggone media *audio pop-up book* bisa mangaribawani tumrap kawasisan siswa kelas VII SMPN 17 Surabaya sajrone ngapresiasi crita rakyat.

Asil respon siswa kelas VII-G kang minangka kelas eksperimen, sawise nggunakake media *audio Pop-up book* kagolong “apik”, kanthi persentase 96,2%. Asil respon siswa kasebut bisa didudut yen panganggone media *audio Pop-up book* layak digunakake kanggo ngundhakake kawasisan siswa ngapresiasi crita rakyat.

Tembung Wigati : pengembangan, media, *audio pop-up book*, kawasisan, ngapresiasi, crita rakyat

ABSTRAK

Teaching material is very important in learning Javanese, so as a teacher must be smart to develop teaching material in order to attract attention, cause students to be happy with learning, especially the Cita Rakyat chapter. Development of teaching material with the form of the media audio pop up book.

The formulation of the problem of this researcher are (1) How is the process of developing Media Audio Pop-Up book class VII SMPN 17 Surabaya, (2) How is the effectiveness of Media Audio Pop-Up book class VII SMPN 17 Surabaya, (3) How are students' responses to Media Audio Pop-Up book class VII SMPN 17 Surabaya. Explaining the effectiveness of teaching materials in the form of folklore tangible Audio Pop-Up book class VII SMPN 17 Surabaya, Describing students' responses to the Media Audio Pop-Up book class VII SMPN 17 Surabaya. The benefits of researchers are that teachers can be creative in developing learning media, so students can more easily understand folklore material, and so schools can improve the quality of education.

Based on Sadiman's development pattern which was modified by Sugiono's silence, there are steps that must be followed up to develop the media. The first stage is analyzing student needs and student characteristics. Before analyzing the problems experienced first gather data when learning folklore. Trial Design This uses quasi-experiments. The selected sample is students of class VII-E as the instrument test class, class VII A as the control class, while class VII G as the experimental class.

The results of the material validation can be concluded if the Media Audio Pop-Up book could be developed as suitable teaching material with a percentage of 94.28%, the media validation expert also gave a good grade, which is 82.5%.

The effectiveness of Audio Pop-Up book media is known from the learning outcomes of students in the experimental class who use media, and the control class that does not use media in the learning process in class. Trial 1 produced tcount experimental class 18.27 control class 11.31. Comparison of the original pre-test and post-test of the experimental class and the control class resulted in $t_{hitung} = 3,054 \geq t_{tabel} (0,05 db = 74) = 1,666$. These results indicate if there is a significant differentiator, in other words trial 1 shows H_0 is rejected and H_a is accepted. Trial 2 resulted in the tcount of the experimental class of 20.09, while in the tcount of the control class of 2.5. Comparison of the pre-test and post-test results of the experimental class and the control class $t_{hitung} = 12,341 \geq t_{tabel} (0,05 db = 74) = 1,666$. This result shows that if there is a significant difference, in other words, trial 2 shows that H_0 is rejected and H_a is accepted. The results of the effectiveness test using Audio Pop-Up book media can improve student learning outcomes and are effectively used to appreciate folklore.

The results of students' responses as an experimental class, after using the Media Audio Pop-Up book, were classified as "good", with a percentage of 96.2%. The results of these student responses can be concluded if the use of Media Audio Pop-Up book is appropriate to be used in appreciating folklore.

Keywords: Development, Media Audio Pop-Up book, Ability appreciate.

PURWAKA

Bab iki bakal ngandharake pawadan panliti nindakake panliten, uga samubarang kang bakal dirembug sajrone panliten. Perangan sajrone bab iki yaiku landhesan panliten, underan panliten, tujuwan panliten, asumsi pengembangan, hipotesis panliten, pentinge pengembangan, spesifikasi prodhuk, wewatesan tetembungan, dhefinisi operasional lan winatase panliten.

LELANDHESANING PANLITEN

Cita rakyat minangka salah sawijine jinis sastra lisan kang sumebar ana masyarakat kanthi cara gethok tular. Cita rakyat iki asipat geografis, tegese cita rakyat kuwi ana ing dhaerah tartamtu amarga ana kang percaya marang cita kasebut. Pamawas kaya mangkono kuwi disengkuyung dening pamawase Djamaris (sajrone Danandjaya, 1986:15) kang ngandharake menawa cita rakyat kuwi cita kang tuwuh lan ngembaka ana masyarakat ing ngendi asale cita rakyat kasebut (biyasane panggonan kang dadi latar cita) lan kabeh masyarakat ngerteni cita kasebut. Cita rakyat biyasane disebarake kanthi cara lisan.

Cita rakyat minangka sastra lisan kang ngembaka

Pangembangan Medhia Audhio Pop Up Book Kanggo Ngundhakake Kawasisan NGapresiasi Crita Rakyat SMP Negeri 17 Surabaya

ing masyarakat mau uga disinaoni ing donyane pendhidhikan. Salah sawijine pelajaran kang nyinaoni crita rakyat mau yaiku pelajaran basa Jawa. Crita rakyat sajrone donyane pendhidhikan minangka bahan ajar kang arupa materi pokok mata pelajaran basa Jawa kang kudu disinaoni ing kelas VII SMP sajrone kurikulum 2013 revisi 2016. Nalika nyinaoni crita rakyat, siswa kudu nggayuh kompetensi-kompetensi dhasar saka kompetensi inti yaiku ranah *kognitif* lan ranah *psikomotorik*. Saliyane kuwi, saben pasinaon kudu nyakup ranah *afektif* (spiritual lan sosial). Kuwi tamtu wae nuntut siswa supaya kudu aktif lan nguwasani materi, nanging ora mung siswa wae kang dituntut supaya luwih aktif, guru uga dituntut supaya luwih kreatif anggone mulangake materi marang siswa. Ancas saka sakabehane iku ora liya kanggo kagayuhe tujuwan pendhidhikan nasional.

Guru lan siswa nalika ngelaksanakake pasinaon basa Jawa ing kurikulum 2013 revisi 2016 digampangake dening pamarentah. Tumrape guru basa Jawa, ing jaman ngrembakane IPTEK kaya jaman saiki, materi ajar kang diwulangake marang siswa mau kudune dirembakakake. Yen sadurunge materi ajar crita rakyat ing basa Jawa nuwuhake pirang-pirang masalah. Kang kapisan yaiku rasa bosene siswa amarga crita rakyat mau mung didongengake kanthi konvensional utawa ceramah saengga ora nuwuhake gambaran utawa imajinasi siswa. Masalah kapindho yaiku sumber pasinaon crita rakyat kang mung sasumber, kang ora ngembangake kawruhe siswa, saiki kudu diowahi amarga ing jaman modern iki saben manungsa mesthi kudu nduweni kawruh kang akeh supaya dianggep ana. Saliyane iku, masalah kang tuwuh sasuwene iki kang ora disadhari dening guru minangka pamulang yaiku kabiyasane siswa kang pikantuk informasi lumantar audhio visual, kang ora digatekake guru saengga sasuwene iki mung visual wae.

Adhedhasar masalah-masalah pasinaon basa Jawa utamane materi crita rakyat mau, mula prelu anane pangembangan sajrone pasinaon. Ancase supaya mujudake pasinaon kang narik kawigatene siswa, supaya siswa ora bosen lan bisa nyemak kanthi seneng, pungkasane supaya bisa nggayuh tujuwan piwulangan mau. Mula, materi ajar crita rakyat ing kene bakal dikembangake kanthi wujud medhia *Audhio Pop-Up book*.

Pop-up book miturut Dzuanda (2011) yaiku sawijine buku kang nduweni perangan sing bisa gerak utawa nduweni perangan 3 dhimensi sarta menahi visualisasi crita kang bisa narik kawigaten, wiwit saka rupa gambar sing bisa gerak nalika dibuka saben kacane. *Audhio Pop-Up book* iki bakal luwih narik kawigatene siswa, amarga saliyané bisa menahi visualisasi crita lumantar gambar kang bisa gerak nalika dibukak saben kaca, nanging uga menahi efek swara paraga kang ana sajrone gambar saben kaca mau, dadi visualisasine kanthi audhio visual. *Audhio Pop-Up book* iki minangka inovasi saka materi ajar crita rakyat kang ora mbosenake tumrap siswa nalika piwulangan crita rakyat, amarga *Audhio Pop-Up book* nduweni unsur 3 dhimensi, gambar sing narik kawigaten, bisa gerak lan ngrangsang imajinasine siswa, sarta nduweni swara kang bisa nuwuhake efek tartamtu kanggone siswa.

Pangembangan materi ajar kanthi wujud *Audhio Pop-Up book* iki dikarepake bisa narik kawigatene siswa ing pasinaon klas lan kurikulum sing abasis teks, nglatih

siswa supaya luwih kreatif, tanggap ngandharake panemune, tanggap ngandharake apresiasine, lan luwih ngandelake kapercayan dirine kanggo ngapresiasi lan ngasilake sawijine karya kang asipat rekreatif.

Kriteria kang digunakake kanggo nemtokake kualitas prodhuk pasinaon iki adhedhasar instrumen kelayakan saka BSNP. Aspek sing dibiji yaiku kelayakan isi, basa, penyajian, lan grafikane buku teks. Bab kuwi adhedhasar andharan saka Puslitjaknov Balitbang Depdiknas (sajrone Arifin, 2011:127) kang ngandharake metode panliten lan pengembangan ngemot telung komponen utama, yaiku: 1) model pengembangan, 2) prosedhur pengembangan lan 3) uji coba prodhuk. Pengembangan prodhuk pasinaon iki adhedhasar model pengembangan Sadiman. Panliten iki nggunakake judul "*Pengembangan Gabungan Materi lan Medhia Ajar Teks Crita Rakyat Model Audhio Pop-Up book kanggo Ngundhakake Apresiasi Crita Rakyat ing Pasinaon Crita Rakyat SMP Negeri 17 Surabaya Taun 2018*". Panliten pangembangan medhia *Pop-Up book* wis akeh ditindakake, nanging sangertine panliti kang digunakake kanggo pasinaon crita rakyat durung ana. Tumrap pasinaon basa Jawa panliten iki dikarepake bisa migunani kanggo jagade pendhidhikan lan pengembangan bahan ajar basa Jawa lan bisa dadi kapustakan sing trep kanggo narik kawigatene siswa ing pasinaonan kelas kang inovatif.

UNDERANING PANLITEN

Adhedhasar lelandhesan ing ndhuwur, underan saka panliten iki yaiku:

- (1) Kepriye proses pengembangan medhia *Audhio Pop-Up book* kelas VII SMPN 17 Surabaya?
- (2) Kepriye *efektivitas* medhia *Audhio Pop-Up book* siswa kelas VII SMPN 17 Surabaya?

Kepriye respon siswa tumrap medhia *Audhio Pop-Up book* kelas VII SMPN 17 Surabaya?

TUJUWAN PANLITEN

Adhedhasar underan panliten ing ndhuwur, mula tujuwan panliten iki yaiku:

- (1) Ngandharake proses pengembangan medhia *Audhio Pop-Up book* kelas VII SMPN 17 Surabaya.
- (2) Ngandharake *efektivitas* medhia *Audhio Pop-Up book* siswa kelas VII SMPN 17 Surabaya.

Ngandharake respon siswa tumrap medhia *Audhio Pop-Up book* siswa kelas VII SMPN 17 Surabaya.

PAEDAH PANLITEN

Asile panliten iki dikarepake bisa menahi paedah kanggo pamaca kanthi cara praktis. Manfaat panliten iki ing antarane :

- 1) Kanggo Guru

Asil panliten iki dikarepake bisa dadi piranti tambahan kanggo materi sing diwedharake guru ing sawijine proses pasinaonan kelas utamane pasinaonan teks crita rakyat. Saliyane iku panliten iki dikarepake supaya bisa dadi pandome guru kanggo ngembangake buku ajar kanggo pasinaonan kelas sing laras karo karakteristik siswa lumantar sawijine inovasi lan kreativitas.

- 2) Kanggo Siswa

Kasil panliten iki dikarepake bisa dadi piranti tambahan kanggo sumber pasinaonan siswa sing bisa nuwuhake kawigaten utamane pasinaonan crita rakyat.

Pangembangan Medhia Audhio Pop Up Book Kanggo Ngundhakake Kawasisan NGapresiasi Crita Rakyat SMP Negeri 17 Surabaya

Saliyane kuwi supaya bisa ndadekake siswa luwih seneng lan ora mboseni, saengga nggampangake nggayuh ancasa pasinaonan. Saliyane kuwi supaya bisa luwih bisa narik kawigaten lan kawasisan basa Jawa kanthi becik lumantar sawijine inovasi lan kreativitas.

3) Kanggo Sekolah

Panliten iki bisa menehi *kontribusi* tumrap sekolah kanggo ngupaya ngundhakake mutu pendhidhikan kanthi cara ngembangake sumber pasinaon kang *inovatif*.

4) Kanggo Panliti Liya

Asil panliten iki dikarepake bisa nyengkuyung panliten kang saemper kanggo terus ngembangake materi ajar liyane kanthi asil sing luwih becik sarta luwih migunani tumrap pendhidhikan basa Jawa.

WEWATESANING PANLITEN

Wewatesan panliten bakal ngandharake perangan-perangan panliten kang bakal ditindakake lan kang ora ditindakake, yaiku:

- Panliten pangembangan medhia ajar mung winates ing materi pasinaon crita rakyat.
- Panliten pangembangan iki nggunakake modhel pangembangan Sadiman (2010:100), yaiku nganalisis kabutuhan lan karakteristik siswa, nyusun tujuwan instruksional, nyusun pokok materi, ngembangake piranti pangukur kasuksesan, nulis naskah materi, lan tes sarta revisi.
- Panliten pangembangan iki ditindakake kanthi cara winates ing SMP Negeri 17 Surabaya.

TINTINGAN KAPUSTAKAN

Tintingan kapustakan bakal ngandharake teori-teori sing dadi panyengkuyung lelandhesane panliten, yaiku bab pangembangan medhia ajar crita rakyat. Sabanjure bakal diandharake ing ngisor iki:

MATERI AJAR

Materi ajar kalebu bab kang paling wigati sajrone pasinaon kelas. Materi ajar ditrepake saka silabus, yaiku ngrencanakake, predhiksi, lan proyeksi bab apa wae kang bakal ditindakake kanggo pasinaonan materi ajar utawa *instructional materials* yaiku wujud kawruh, kawasisan, lan sikap sing kudu diduweni siswa saengga bisa nggayuh ancasa pasinaon kang ana (Poerwati lan Amri, 2013:255). Bab iki nuduhake ana telung aspek kang kudu digatekake yaiku kawruh, kawasisan, sarta sikap. Materi ajar kang digunakake kanggo pasinan kudu ndadekake siswa bisa nggayuh KD lan indikator kang ana. Kanggo ngerteni materi ajar kang salaras karo tuntutan pasinaon mula kudu nggatekake patang aspek pamilihan materi ajar yaiku jinis, cakupan, urutan, lan tumindak (*treatment*) (Poerwati lan Amri, 2013:256).

Miturut Poerwati lan Amri (2013:256), jinis-jinis materi ajar saka aspek kognitif dibage dadi lima (5), yaiku:

- Fakta, yaiku sakabehane bab kang wujud kanyatan lan kasunyatan, kayata jeneng, prastawa, lambang, papan panggonan, jeneng perangan utawa komponen barang, lsp.
- Konsep, yaiku sakabehane wujud pagerten-pagerten kang anyar saka sile pamikiran, kayata dhefinisi, tegese samubarang, titikan, hakekat, inti/isi, lsp.
- Prinsip, yaiku bab-bab kag utama lan nduweni posisi paling pokok, kayata dalil, rumus, *adagium*, postulat, paradigma, teorema, sarta sesambungane konsep kang nuduhake sebab-akibat.

- Prosedur, yaiku tahapan sistematis utaw urutaning tumindak lan kronologi sawijine sistem.
- Sikap utawa nilai, yaiku asil saka pasinaon sikap (afektif) kayata jujur, welas asih, tulung tinulung, semangat, minat sinau utawa kerja, lsp.

Materi ajar isine bab, tetembungan saka andharan materi pasinaon, ancasa kang bakal digayuh saka bab kang bakal disinaoni, bagan utawa gambar kang nyengkuyung ilustrasi materi, kagiyatan psikomotor, uji diri, lan prakara-prakara saben dina kang wigati kanggo dirembug (Tarigan, 2007:74-75). Materi ajar ora mung nyengkuyung aspek kognitif wae, nanging uga afektif kang kawastanan saka bageyan sikap. Sikap kawujud yen pasinaon wis kasil dipahami dening siswa lan ngolehi makna kang sejati saka pasinaon iku. Saliyane iku tanpa sadhar, lumantar pasinaon kang efektif bakal mbiyasakake siswa nindakake pakulinan becik liyane kayata jujur, welas asih, tulung tinulung, semangat, grengseng sinau utawa kerja, lsp.

MEDHIA PASINAON

Tembung medhia asale saka basa *Latin*, minangka wujud jamak saka *medium* kang tegese tengah, perantara, utawa pangiring. Luwih khusus, medhia sajrone pasinaon kuwi luwih condhong ditegesi minangka salah sawijine piranti kang nyuguhake utawa nuduhake pesen-pesen pasinaon (Arsyad, 2013:3). Piranti kanggo nyuguhake pesen mau maksude minangka panglantare kang nyambungake antarane komunikasi guru karo siswa. Kemampuan mikire siswa kang beda kuwi njalari ora kabeh siswa bisa ngerteni materi ajar kanthi becik. Mula saka kuwi, medhia pasinaon minangka sarana kanggo nggampangake pesen-pesen pasinaon kuwi ditampa kanthi maksimal dening siswa. Pesen-pesen pasinaon kasebut arupa ilmu, materi ajarm lan kawruh kang nyengkuyung ginayuh kompetensi dhasar.

Medhia bisa diwujudake awujud *pop up book* kang nduweni visualisasi kang apik. Visualisasi kasebut migunani kanggo narik kawigaten siswa, amarga materi ajar crita rakyat kang disuguhake nganggo visualisasi kang apik bakal luwih narik kawigaten. Rasa pengin weruh siswa kang dhuwur bakal nuwuhake partisipasi aktif siswa sajrone pasinaon. Mula, tingkat pahame siswa tumrap materi ajar crita rakyat bisa dipikolehi kanthi maksimal.

Sadiman (2010:7) ngandharake menawa medhia pasinaon yaiku sakabehane samubarang kang bisa digunakake kanggo nyalurake pesen saka pangirim marang panampa saengga bisa ngrangsang pikiran, pangrasa, kawigaten lan minat sarta kawigaten siswa saengga proses pasinaon mau kadadeyan. Pamawas kasebut luwih konkret dan gamblang amarga guna saka medhia sajrone pasinaon diandharake kanthi rinci. Saben materi ajar nduweni tingkat kangelan kang beda-beda. Peran medhia sajrone materi ajar kasebut minangka vasilikator kang nyengkuyung pamahaman siswa. Mula, materi ajar mbutuhake medhia pasinaon nalika diwulangake.

Prodhuk medhia kang bisa ngrangsang pamikiran aktif siswa antarane yaiku *Pop Up Book*. Visualisasi gambar kang ana saben teks crita rakyat mau beda-beda gumantung ringkesan crita. Imajinasi siswa bakal aktif saengga siswa kaya ngalami kadadeyan kang ana sajrone crita rakyat kasebut. Saliyane kuwi, rasa kang tuwuh sajrone swasana teks crita rakyat mau bisa dirasakake kanthi nyata dening siswa amarga gambaran dhetail crita kang disuguhake sajrone *Pop Up Book*.

Asyhar (2011:8) ngandharake menawa medhia

Pengembangan Media Audio Pop Up Book Kanggo Ngundhakake Kawasisan NGapresiasi Cita Rakyat SMP Negeri 17 Surabaya

pasinaon kuwi minangka samubarang kang bisa nyuguhake pesan saka salah sawijine sumber kanthi tumata, saengga ana lingkungan sinau kang kondhusif, yaiku papan panggonan panampa informasi bisa nindakake proses sinau kanthi efisien lan efektif. Pamawas kasebut bisa dingerteni menawa kanthi media, alokasi waktu pasinaon kang ana bakal luwih singkat, padhet, lan jelas. Kanyatan mau dilandhesi saka olahan panggunaan kang luwih konkrit lan tumata. Minangka panyalut pesen, panggunane media pasinaon bakal nggampangake materi kang diwulangake guru kanggo ditampa kanthi maksimal dening siswa. Mula, media pasinaon bisa arupa samubarang apa wae kang disusun gumantung kompetensi dhasar materi ajar.

Kabeh kuwi salah sijine bisa diwujudake ing media *Pop Up Book* kang isih durung sepiraa dikenal dening siswa. Tampilan media kasebut ora mung narik kawigaten, nanging tetep nyuguhake materi ajar kang disusun kanthi sistematis. Mula, proses pasinaon kang nggunakake media kasebut bisa nuwuhake swasana sinau kanthi efektif lan efisien. Pasinaon kang dirancang kanthi tumata kasebut bakal nggampangake guru anggone ngandharake materi ajar.

Pepadhane saka telung ahli mau ngenani media pasinaon bisa dideleng saka fungsi. Miturut telung ahli mau, media gunane minangka piranti kang nggampangake guru anggone ngandharake materi ajar kang disusun gumantung standar kompetensi dhasar. Media pasinaon uga bisa ditegesi minangka jembatan kang nggampangake pesen kang bakal dipocapake dening guru marang siswa. Bedane saka ahli ing ndhuwur ngenani media pasinaon bisa dideleng saka sasaran swasana pasinaon. Arsyad lan Sadiman mung nandhesake marang tuwuhe proses pasinaon. Kuwi nuduhake menawa Arsyad lan Sadiman ora ndeleng efektifitas lan efisiensi materi ajar. Dene, Asyhar uga nandhesake konsep media pasinaon minangka piranti kang bisa nyuguhake poin-poin materi ajar saka salah sawijine sumber kanthi tumata.

Adhedhasar watesan lan pamawas ing ndhuwur nuwuhake dudutan menawa media pasinaon yaiku sarana kanggo nglancarake komunikasi antarane guru lan siswa nalika mulangake materi sajrone proses pasinaon kang disusun kanthi tumata lan nduweni guna minangka sumber pasinaon kanggo nggayuh kompetensi.

MEDIA AUDIO POP UP BOOK

Muktiono (2003:65) ngandharake *Pop Up Book* minangka buku kang nduweni tampilan gambar kang bisa didegake sarta mujudake objek-objek kang endah lan bisa obah utawa menahi efek kang manjila banget. Anane tampilan gambar kang didegake sarta mangun objek kang endah minangka syarat mutlak saka *Pop Up Book*, tegese unsur visualisasi *Pop Up Book* minangka titikan kang mbedakake karo wujud liyane. Visualisasi kasebut gunane kanggo nggampangake sapa wae nampa informasi sajrone *Pop Up Book*.

Miturut Dzuanda (2011:1) *Pop Up Book* yaiku sawijine buku kang nduweni perangan kang bisa gerak utawa nduweni perangan 3 dimensi sarta menahi visualisasi cita kang bisa narik kawigaten, wiwit saka rupa gambar kang bisa gerak nalika dibukak saben kacane. Materi kang migunakake *Pop Up Book* bakal menahi visualisasi kang narik kawigaten.

Audio yaiku salah sawijine nyuguhake informasi

lumantar gambar lan swara. Media audio visual bisa ditegesi minangka media kang nduweni unsur swara lan gambar. Media iki nduweni kualitas kang luwih apik, amarga nyakup rong jinis media, yaiku media audio lan media visual.

Miturut Arsyad (2013:94) media abasis audio visual yaiku media visual kang ngamot swara tambahan kanggo nyiptakake. Bab iku salaras karo pamawase Snaky (2010:105), yen media audio visual yaiku saperangkat piranti kang bisa nyuguhake gambar kang obah lan nduweni swara. Gabungan gambar lan swara kuwi mujudake karakter kang padha karo asline. Pamawas kasebut uga ditandhesake dening Sudjana lan Rivai (2003:58) menawa media audio visual yaiku piranti kang digawe dening guru anggone menehake konsep, gagasan, lan pengalaman diolehi saka indra pandeleng lan pangrungu.

Adhedhasar pamawas ahli ing ndhuwur, mula *Audio Pop Up Book* minangka media kang narik kawigaten banget amarga saliyane menahi visualisasi kang apik, banjur ditambahi swara, kang nuduhake ilustrasi kang padha karo nyatane. *Audio Pop-Up book* sajrone pasinaon cita rakyat iki minangka materi kang diwujudake lumantar media audio visual kanggo menahi gambaran siswa supaya luwih cetha anggone mbayangake cita rakyat. Saliyane nduweni tujuan kang apik, media *Audio Pop Up* iki uga nduweni fungsi, manfaat, sarta kaluwihan lan kakurangan sajrone pasinaon cita rakyat kang bakal diandharake ing ngisor iki.

FUNGSI MEDIA AUDIO POP UP BOOK:

- (1) Fungsi Edukatif, menahi pangribawan marang donyane pendhidhikan, amarga ndhidhik siswa lan masyarakat supaya mikir kanthi kritis, menahi pengalaman kang miguna, sastra ngembangake lan ngambakake pamikiran siswa.
- (2) Fungsi Sosial, menahi informasi kang *otentik* ing saben-saben bidang panguripan lan konsep kang padha saben wong, saengga bisa nambah kanca lan bisa mahami ngenani adat istiadat.
- (3) Fungsi Ekonomis, kanthi nggunakake media pop up book audio visual, pasinaon bisa ditindakake kanthi efisien, tanpa ngurangi efektivitas kanggo nggayuh tujuan pasinaon.
- (4) Fungsi Budaya, menahi owah-owahan ing panguripane manungsa, bisa menahi lan nerusake unsur-unsur budaya lan seni kang ana ing masyarakat.

PAEDAH MEDIA AUDIO POP UP BOOK:

- (1) Media *Audio Pop-Up book* bisa njangkepi pengalaman-pengalaman dhasar siswa nalika maca, dhiskusi, praktik, lsp.
- (2) Media *Audio Pop-Up Book* bisa nggambarake proses kang nyata kang bisa dideleng kanthi dibolan-baleni.
- (3) Media *Audio Pop-Up book* bisa ngundhakake motivasi, lan efektif banget.
- (4) Media *Audio Pop-Up book* ngamot nilai-nilai positif kang bisa ngundang pamikiran lan andharan siswa.
- (5) Media *Audio Pop-Up book* bisa nyuguhake prastawa-prastawa kang bisa dideleng kanthi langsung.
- (6) Media *Audio Pop-Up book* bisa dituduhake marang klompok-klompok akeh lan setithik, klompok kang heterogen lan individu.

KALUWIHAN LAN KAKURANGAN MEDHIA AUDHIO POP UP BOOK:

Kaya kang wis kaandharake ing ndhuwur, medhia *Audhio Pop-Up book* iki nduweni kaluwihan lan kakurangan. Kaluwihan saka Medhia *Audhio Pop-Up book* yaiku:

- (1) Nyuguhake kanthi cetha lan gamblang informasi supaya ora asipat verbalistis.
- (2) Mrantasi perkara winatase sarana lan prasarana kang kurang jangkep ing sekolah.
- (3) Bisa digunakake ing ngendi wae lan kapan wae amarga audhio sajrone medhia *pop up* iki wis digabung.

Kakurangan saka Medhia Pop Up Audhio Visual yaiku:

- (1) Luwih nandhesake marang materi tinimbang proses pengembangan lan tetep nandhang materi audhio visual minangka piranti kanggo ngganteni guru sajorne pasinaon.
- (2) Kuwalitas audhio kang mung bisa digunakake ing skala cilik.
- (3) Luwih nengenake komunikasi searah.

METODHE PANLITEN

Panliten iki awujud panliten pengembangan amarga panliten iki ditindakake kanthi ngembangake sawijine prodhuk adhedhasar struktur tartamtu. Prodhuk saka panliten iki yaiku medhia ajar pasinaonan basa Jawa kanthi materi crita rakyat kang digunakake kanggo kelas VII SMP semester ganep. Panliten lan pengembangan utawa *Research And Develop (R&D)* yaiku metodhe panliten kanggo ngembangake prodhuk utawa nyampurnakake prodhuk (Trianto, 2010:243). Panliten iki mujudake panliten dheskriptif amarga nduweni ancas nggambarake proses pengembangan, kuwalitas prodhuk, lan implementasi prodhuk. Panliten iki ngasilake prodhuk materi ajar arupa medhia buku suplemen arupa *Audhio Pop-Up book* kanggo njangkepi buku terbitane Dinas Pendidikan Propinsi Jawa Timur kanthi judhul “Kirtya Basa” utamane ing materi crita rakyat.

Dhesain Pengembangan sajrone panliten iki migunakake rancangan panliten pengembangan modhel Sadiman dkk (2010:100). Langkah-langkah pengembangan medhiane yaiku:

- (1) Nganalisis kabutuhan siswa
- (2) Ngrumusake tujuwan pasinaon (*instruactional objective*) kanthi operasional kang khas
- (3) Ngrumusake pokok materi kanthi rinci kang nyengkuyung kagayuhe tujuwan
- (4) Ngembangake piranti lan pangukur kasile pasinaon
- (5) Nulis naskah materi
- (6) Nganakake tes lan revisi

SUMBER DHATA

Sumber dhata sajrone panliten minangka subjek dhata kang diolehi (Arikunto, 2013:102). Yen panliten nggunakake angket mula sumber dhatane diwastani responden. Panliten pengembangan iki mbutuhake sumber dhata saka siswa lan dhosen minangka ahli materi lan medhia. Ana telung sumber dhata kang dadi dhasar ngembangake gabungan materi lan medhia ajar iki, yaiku proses ngembangake medhia ajar, kuwalitas medhia ajar,

lan keefektifane medhia ajar kang wis dikembangake.

(1) Proses Ngembangake Medhia Ajar

Dhata bab proses ngembangake gabungan materi lan medhia ajar awujud *Audhio Pop Up Book* iki arupa gambaran sawernane kagiyatan ngembangake gabungan materi lan medhia ajar lan asile kagiyatan ngembangake medhia ajar mau adhedhasar pengembangan modhel Sadiman kang modhifikasi saka modhel Borg lan Gall.

(2) Kuwalitas Medhia Ajar

Dhata kuwalitas medhia ajar pikantuk saka validhasi kang ditindakake dening validhator ahli, guru, lan kanca sajawat. Perangan kang divalidhasi yaiku trepe isi, basa, grafik, swara, lan panyajiyan. Ana rong dhata kuwalitas medhia ajar yaiku sadurunge digunakake, yaiku validhasi dening ahli medhia lan ahli materi.

(3) Keefektivan Medhia Ajar

Dhata keefektivan medhia ajar pikantuk saka asile pre-test lan post-test ing ujicoba winates nalika nggunakake medhia ajar sajrone pasinaon. Saliyane iku uga dideleng saka kagiyatane siswa, respon siswa, lan asil pasinaone siswa.

Panliten iki nggunakake rong variabel yaiku *variabel bebas* lan *variabel terikat*.

Variabel bebas yaiku variabel kang dimanipulasi kanggo mangaribawani variabel liyane. Sajrone panliten iki kang dadi variabel bebas yaiku gabungan materi lan medhia ajar awujud *Pop Up Book* abasis audhio visual. Materi ajar iki dadi variabel bebas amarga medhia iki bisa mangaribawani variabel liyane.

Variabel kaiket yaiku variabel sing digatekake/diukur minangka akibat saka variabel bebas. Panliten iki kang dadi variabel kaiket yaiku kawasisan apresiasi crita rakyat. Variabel iki dadi variabel kaiket amarga variabel iki minangka akibat saka variabel bebas.

LEMBAR IDENTIFIKASI KABUTUHAN SISWA

Lembar idhidentifikasi kabutuhan siswa digunakake sadurunge panliten ditrepake marang subjek panliten. Lembar iki digunakake kanggo nganalisis karakteristik lan kabutuhan siswa supaya bisa salaras karo panliten sing ditrepake lan bisa nggayuh ancane panliten. Wujud saka angket kabutuhan siswa yaiku kaya mangkene :

Kisi-Kisi Angket Kabutuhan Siswa

Aspek	Indikator	Jumlah Soal
Proses piwulangan basa Jawa utamane materi crita rakyat	a. Senenge siswa marang materi crita rakyat b. Aktivan siswa ing piwulangan basa Jawa c. Tingkat angele siswa nyinaoni basa Jawa	3
Asile pasinaon nggunakake buku kang dadi sumber utama pasinaon	a. Biji siswa b. Kabutuhan marang medhia pasinaon c. Kabutuhan marang inovasi bahan ajar	3

Pangembangan Medhia Audhio Pop Up Book Kanggo Ngundhakake Kawasisan NGapresiasi Crita Rakyat SMP Negeri 17 Surabaya

Lembar observasi digunakake kanggo meruhi partisipasi lan sikap (sosial lan spiritual) siswa jrone pasinaonan nalika ditrepake panliten pangembangan migunakake buku suplemen *Audio Pop Up Book* materi crita rakyat. Ana 6 aspek sing bakal dibiji, luwih cethane bakal diandharake ing ngisor iki.

Rubrik Pambiji Observsi Aktivitas Siswa

Katrangan : 1 = kurang2 = kurang3 = cukup4 = apik

Lembar Penilaian (Pambiji)

Lembar penilaian digunakake kanggo meruhi penilaian saka validhator, kanggo bahan revisi pprodhuk sing ngemot saran utawa pituduh kanggo nyampurnakake pprodhuk ing panliten pangembangan.

1) Angket Validhasi Medhia

Angket validhasi medhia yaiku angket kang digunakake kanggo validhator ahli medhia. Angket iki isine ngenani aspek-aspek kang sesambungan karo medhia crita rakyat. Aspek materi bakal kaandharake ing tabel ngisor iki. Kisi-kisi angket validhasi medhia yaiku.

Kisi-kisi Angket Validhasi Medhia

Aspek	Indikator	Jumlah Soal
Dhesain buku suplemen	a. Dhesain media bisa narik kawigaten	1
Ukuran	a. Kelayakan ukuran buku lan kertas	1
Kombinasi warna	a. Tingkat pewarnaan sajrone buku	1
Layout	a. Layout cover lan isi buku	1
Aksara	a. Jinis lan ukuran aksara pantes	1
Dhesain ilustrasi	a. Dhesain ilustrasi nggambarake materi pasinaon b. Dhesain <i>pop-up</i> narik kawigaten	2
Kritik lan saran	<i>Essay</i>	<i>essay</i>

2) Angket Validhasi Materi

Angket validhasi materi yaiku angket kang digunakake kanggo validhator materi. Angket iki isine ngenani aspek-aspek kang sesambungan karo materi ajar sajrone medhia crita rakyat. Aspek materi bakal kaandharake ing tabel ngisor iki. Kisi-kisi angket validhasi materi yaiku.

Kisi-kisi Angket Validhasi Materi

Aspek	Indikator	Jumlah Soal
Materi sing dituduhake	a. Kesalarasan materi lan KD b. Kessalarasan materi lan ancas pasinaon	2

Basa sing digunakake	a. Basa sing digunakake gampang dingerteni	1
Latihan sajrone buku	a. Latihan mandiri lan latihan kelompok	1
Kegiatan sajrone buku	a. Kegiatan sajrone buku bisa menahi motivasi	1
Evaluasi	a. Kesalarasan materi lan evaluasi	1
Kritik lan saran	<i>Essay</i>	<i>essay</i>

Panliten pangembangan iki mbutuhake sumber dhata saka siswa lan dhosen minangka ahli materi lan medhia. Ana telung sumber dhata kang dadi dhasar ngembangake gabungan materi lan medhia ajar iki, yaiku proses ngembangake medhia ajar, kuwalitas medhia ajar, lan keefektifane medhia ajar kang wis dikembangake.

(4) Proses Ngembangake Medhia Ajar

Dhata bab proses ngembangake gabungan materi lan medhia ajar awujud *Audio Pop Up Book* iki arupa gambaran sawernane kagiyatan ngembangake gabungan materi lan medhia ajar lan asile kagiyatan ngembangake medhia ajar mau adhedhasar pangembangan modhel Sadiman kang modhifikasi saka modhel Borg lan Gall.

(5) Kuwalitas Medhia Ajar

Dhata kuwalitas medhia ajar pikantuk saka validhasi kang ditindakake dening validhator ahli, guru, lan kanca sajawat. Perangan kang divalidhasi yaiku trepe isi, basa, grafik, swara, lan panyajiyan. Ana rong dhata kuwalitas medhia ajar yaiku sadurunge digunakake, yaiku validhasi dening ahli medhia lan ahli materi.

(6) Keefektivan Medhia Ajar

Dhata keefektivan medhia ajar pikantuk saka asile pre-test lan post-test ing ujicoba winates nalika nggunakake medhia ajar sajrone pasinaon. Saliyane iku uga dideleng saka kagiyatane siswa, respon siswa, lan asil pasinaone siswa.

Tahap-tahap analisis dhata sing ditindakake ing panliten iki, yaiku :

1) Analisis dhata ngenani asil angket kabutuhan siswa. ditindakake kanthi ngitung persentase saben pitakonan, asile banjur dianalisis nggunakake rumus :

$$P = \frac{\text{gunggungge skor pambiji}}{\text{gunggungge skor paling dhuwur}} \times 100\%$$

2) Observasi tumrap proses pasinaonan utawa pambiji afektif marang siswa, nggunakake rumus :

$$P = \frac{\text{gunggungge skor pambiji}}{\text{gunggungge skor paling dhuwur}} \times 100\%$$

3) Analisis dhata asil validhasi. Analisis kasebut ditindakake kanthi ngitung persentase saben pitakonan. Asil kasebut dianalisis nggunakake rumus :

$$P = \frac{\text{gunggungge skor pambiji}}{\text{gunggungge skor paling dhuwur}} \times 100\%$$

- 4) Analisis efektivitas pasinaon, kanthi nggoleki cacah skor sing diolehi saka pre-test lan post-test siswa, ngitung reliabilitas instrumen lan digoleki rata-rata bijine, nggunakake rumus :

$$r_{11} = \left(\frac{k}{k-1} \right) \left(1 - \frac{\sum \alpha_b^2}{\alpha_t^2} \right)$$

$$Md = \frac{\sum d}{N}$$

Tahap sabanjure nggoleki *t-signifikasi* kanthi rumus :

$$t = \frac{Md}{\sqrt{\frac{\sum x^2 d}{N(N-1)}}}$$

- 5) Analisis dayane materi ajar, ditindakake kanggo mbandhingake pasinaon kelas kontrol lan kelas eksperimen nggunakake rumus :

$$t = \frac{[Mx - My]}{\sqrt{\left(\frac{\sum x^2 + \sum y^2}{Nx + Ny - 2} \right) \left(\frac{1}{Nx} + \frac{1}{Ny} \right)}}$$

- 6) Analisis respon siswa, ditindakake kanthi ngitung biji saben pitakonan. Banjur nggoleki persentase asile saben pitakonan, nggunakake rumus :

$$P = \frac{\text{gunggung skor pambiji}}{\text{gunggung skor paling dhuwur}} \times 100\%$$

NGITUNG *t-test*

Rumus ngitung *t-test* digunakake kanggo ngerteni efektivitas buku suplemen kang wis ditrepa ing objek panliten. Rumus *t-test signifikasi*, yaiku :

$$t = \frac{[Mx - My]}{\sqrt{\left(\frac{\sum x^2 + \sum y^2}{Nx + Ny - 2} \right) \left(\frac{1}{Nx} + \frac{1}{Ny} \right)}}$$

Katrangan :

Mx : biji rata-rata saka dheviiasi (beda) perklompok kontrol
My : biji rata-rata saka dheviiasi (beda) perklompok eksperimen

Nx : cacah subjek kontrol

Ny : cacah subjek eksperimen

X : dheviiasi saben biji *x1* (*pre-test*) lan *x2* (*post-test*) klompok kontrol

Y : dheviiasi saben biji *x1* (*pre-test*) lan *x2* (*post-test*) klompok eksperimen

$\sum x^2$: cacah kuadrat dheviiasi klompok kontrol

$\sum y^2$: cacah kuadrat dheviiasi klompok eksperimen

Tata cara ngitung *t-test signifikasi*, yaiku :

- 1) Ngitung dheviiasi saben subjek : *d* = biji *post-test* – biji *pre-test*.

- 2) Ngitung cacah dheviiasi klompok kontrol

$$\sum x^2 = Mx^2 - \frac{(\sum x)^2}{N}$$

- 3) Ngitung cacah kuadrat dheviiasi klompok eksperimen

$$\sum y^2 = My^2 - \frac{(\sum y)^2}{N}$$

- 4) Nemtokake *t-test* nganggo rumus kasebut.

- 5) Nemtokake taraf kapercayan 95% utawa taraf signifikan 5% ($\alpha = 0,05$), banjur didadekake kriteria nemtokake hipotesis kasebut bisa ditampa utawa ditolak. Kanthi db saka kelas kontrol 34-1 = 33 lan saka kelas eksperimen 34-1 = 33, mula db = 68-2 = 66 taraf signifikan 0,05 dadi $t_{tabel} = 2,000$. Yen $T_{hitung} \geq t_{tabel}$ tegese ana beda sing signifikan antarane asil pasinaon kelas kontrol lan kelas eksperimen. Dadi

medhia kang dikembangake efektif ing pasinaon ngapresiasi teks crita rakyat.

PROSEDHUR NGANALISIS DHATA

Tahap-tahap analisis dhata sing ditindakake ing panliten iki, yaiku :

Analisis dhata ngenani asil angket kabutuhan siswa, ditindakake kanthi ngitung persentase saben pitakonan, asile banjur dianalisis nggunakake rumus :

$$P = \frac{\text{gunggung skor pambiji}}{\text{gunggung skor paling dhuwur}} \times 100\%$$

Observasi tumrap proses pasinaon utawa pambiji afektif marang siswa, nggunakake rumus :

$$P = \frac{\text{gunggung skor pambiji}}{\text{gunggung skor paling dhuwur}} \times 100\%$$

Analisis dhata asil validhasi. Analisis kasebut ditindakake kanthi ngitung persentase saben pitakonan.

Asil kasebut dianalisis nggunakake rumus :

$$P = \frac{\text{gunggung skor pambiji}}{\text{gunggung skor paling dhuwur}} \times 100\%$$

Analisis efektivitas pasinaon, kanthi nggoleki cacah skor sing diolehi saka pre-test lan post-test siswa, ngitung reliabilitas instrumen lan digoleki rata-rata bijine, nggunakake rumus :

$$r_{11} = \left(\frac{k}{k-1} \right) \left(1 - \frac{\sum \alpha_b^2}{\alpha_t^2} \right)$$

$$Md = \frac{\sum d}{N}$$

Tahap sabanjure nggoleki *t-signifikasi* kanthi rumus :

$$t = \frac{Md}{\sqrt{\frac{\sum x^2 d}{N(N-1)}}}$$

Analisis dayane materi ajar, ditindakake kanggo mbandhingake pasinaon kelas kontrol lan kelas eksperimen nggunakake rumus :

$$t = \frac{[Mx - My]}{\sqrt{\left(\frac{\sum x^2 + \sum y^2}{Nx + Ny - 2} \right) \left(\frac{1}{Nx} + \frac{1}{Ny} \right)}}$$

Analisis respon siswa, ditindakake kanthi ngitung biji saben pitakonan. Banjur nggoleki persentase asile saben pitakonan, nggunakake rumus :

$$P = \frac{\text{gunggung skor pambiji}}{\text{gunggung skor paling dhuwur}} \times 100\%$$

ASILE PANLITEN

Asil Hipotesis kang nuduhake yen H_a ditampa kang tegese medhia audio Pop-Up Book bisa ngundhakake kawasisan siswa kelas VII SMP NEGERI 17 Surabaya disengkuyung dening tahap-tahap pengembangan kang wis dilakokake, cethane yaiku:

- 1) Nganalisis kabutuhan siswa, tahapan kapisan iki sawise diwenahi angket ing kelas eksperimen, kelas uji instrumen, lan kelas kontrol nuduhake asil yen pasinaon basa Jawa kurang narik kawigaten siswa utamane crita rakyat. Para siswa bijine rata-rata kurang apik, siswa uga minim banget sing nggunakake medhia panyengkuyung kanggo sinau. Sabanjure para siswa sarujuk yen dikembangake medhia pasinaon sing bisa nuwuhake kawigaten sarta mbiyantu ningkatake bakat minat marang piwulangan basa Jawa utamane materi crita rakyat. Asil saka tahap kasebut nikelake yen rata-rata HP ing kelas eksperimen VII G = 2,128 ; kelas uji instrument VII E = 2,113 ; lan kelas kontrol VII A = 2,121. Asil kang diolehi kasebut nyengkuyung hipotesis yen materi ajar teks crita rakyat kanthi wujud *audio pop-up book* bisa ngundhakake

Pangembangan Medhia Audhio Pop Up Book Kanggo Ngundhakake Kawasisan NGapresiasi Crita Rakyat SMP Negeri 17 Surabaya

katrampilan apresiasi crita rakyat siswa kelas VII SMPN 17 Surabaya.

Bandhingan Asil Analisis Kabutuhan Siswa

No	Idhentifikasi Kabutuhan Siswa	Rata-rata			
		VII-E	VII-A	VII-G	Hp
1.	Apa pasinaon Basa Jawa kalebu pasinaon kang angel disinaoni? a. angel b. biyasa c. ora angel	2,07	2,15	2,10	2,09
2.	Apa kowe aktif sajrone proses piwulangan basa Jawa? a. ora aktif b. kurang aktif c. aktif	1,78	2,10	2	2,03
3.	Apa kowe seneng nyinaoni basa Jawa? a. ora seneng b. biyasa c. seneng	1,81	2	2	2,06
4.	Apa kowe seneng migunakake buku panyengkuyung jrone proses piwulangan basa Jawa? a. seneng b. kurang seneng c. ora seneng	2,13	2,07	1,92	2,09
5.	Kepriye buku pasinaon basa Jawa sing kok gunakake? a. ora narik kawigaten b. kurang narik kawigaten c. narik kawigaten	2	1,94	2,02	2,01
6.	Buku pasinaon sing kaya apa sing nggampangake kowe ngerteni pasinaonan? a. akeh gambar, sithik teks, lan akeh warna b. akeh gambar, akeh teks, lan sithik warna c. ora ana gambar, akeh teks, lan ora warna	2,52	2,5	2,5	2,51
7.	Apa buku pasinaonan sing kok gunakake bisa nuwuhake kawigaten lan	1,57	2,05	2,05	1,81

	nyengkuyung minat bakatmu? a. Ora bisa b. kurang c. bisa				
8.	Kepriye bijimu basa Jawa sasuwene iki? a. ora apik b. kurang c. apik	1,84	2	2	2,05
9.	Apa kowe seneng nggunakake buku liya kejaba buku sing kok gawe saiki? a. seneng b. kurang c. ora	1,52	1,97	1,97	1,82
10.	Apa kowe sarujuk yen dikembangake buku pasinaonan sing bisa nuwuhake kawigaten sarta mbiyantu ningkatake bakat minatmu marang piwulangan basa Jawa? a. sarujuk b. kurang c. ora	2,78	2,73	2,73	2,74
Rata-rata		2,002	2,151	2,129	2,094

2) Tahap kaloro iki tujuan pasinaon dijumbuhake karo kabutuhan siswa. Sawise siswa sinau crita rakyat kanthi medhia *audio pop-up book* dikarepake siswa bisa nggayuh tujuan pasinaon kang kasusun saka pambiji ranah afektif, ranah kognitif, lan ranah psikomotor kang wis dirumusake sadurunge. Tujuan pasinaon kang wis disusun kanthi bener bisa nyengkuyung hipotesis kang tujuwane yaiku ngundhakake katrampilan apresiasi crita rakyat kelas VII SMPN 17 Surabaya lumantar materi ajar teks crita rakyat kanthi wujud *audio pop-up book*.

3) Tahap katelu iki nemtokake pokok materi kang dadi turunan saka KD lan tujuan kang wis disusun. Pokok materi kang wis disusun lan ana sajrone medhia kuwi nyengkuyung hasile pasinaon lan hipotesis kang nuduhake yen materi ajar teks crita rakyat kanthi wujud *audio pop-up book* bisa ngundhakake katrampilan apresiasi crita rakyat siswa kelas VII SMPN 17 Surabaya.

4) Asil kang diolehi saka piranti pambiji kang arupa validhasi ahli materi lan ahli medhia nuduhake yen ahli materi menahi pambiji 94,28 ateges materi crita rakyat kagolong “apik banget” dene ahli medhia menahi pambiji 82,5 kang kagolong “apik”. Saka asil iku mau nuduhake yen pambiji kuwi nyengkuyung hipotesis lan bisa ngundhakake katrampilan apresiasi crita rakyat.

5) Tahap iki nuduhake tahap prodhuksi wiwit pra prodhuksi, prodhuksi, lan pasca prodhuksi. Runtutan tahap kasebut bisa nyengkuyung asile validhasi kang diolehake, mula bab iki nyengkuyung hasile pangembangan uga nyengkuyung hipotesis.

6) Tahapan iki ana ing tahapan pamanggih validhator ahli media yen media *audio pop-up book* luwih prayoga yen ditindhakake revisi kanggo kasampurnane media kasebut. Saka asil pamrayoga kuwi banjur media kasebut dites marang siswa (*pre-test lan post-test*) sawise media wis bisa nggayuh tujuan pasinaon, media kasebut wis kasil dikembangake. Pungkasane media kasebut wis kabukten hipotesis bisa ngundhakake katrampilan ngapresiasi cita rakyat lan kasil digayuh ing siswa kelas VII SMPN 17 Surabaya.

7) Asile Uji t nuduhake yen asil kelas eksperimen kang nggunakake media lan kelas kontrol kang ora nggunakake media nuduhake pambada. Asil Uji Coba I kelas Eksperimen yaiku 18,3 dene kelas kontrol 11,3. Asil nalika panliten kang kaping II uga nuduhake pambada signifikan yaiku kelas eksperimen 20,1 lan kelas kontrol 2,5. Saka asil kasebut nuduhake yen materi ajar cita rakyat kanthi wujud *audio pop-up book* bisa ngundhakake kawasisan ngapresiasi cita rakyat kanggo siswa kelas VII SMPN 17 Surabaya.

Adhedhasar biji *pre-test lan post-test* ing Uji Coba I yaiku kelas kontrol lan kelas eksperimen bisa dideleng $t_{hitung} = 3,054 \geq t_{tabel}(0,05 \text{ db}=74) = 1,293$. Bab kasebut nuduhake yen H_0 ditolak lan H_a ditampa, dadi ana beda sing signifikan antarane asil pasinaon kelas kontrol lan kelas eksperimen. Saka dhata kasebut diarani yen pangetrapan media audio visual *pop up* nduweni pambada kang signifikan tumrap katrampilan nyemak cita rakyat siswa kelas VII SMP Negeri 17 Surabaya. Dadi media pasinaon kang dikembangake efektif ing pasinaon cita rakyat. Dene biji *pre-test lan post-test* ing uji coba 2 yaiku kelas kontrol lan kelas eksperimen bisa dideleng $t_{hitung} = 12,341 \geq t_{tabel}(0,05 \text{ db}=74) = 1,666$. Bab kasebut nuduhake yen H_0 ditolak lan H_a ditampa, dadi ana beda sing signifikan antarane asil pasinaon kelas kontrol lan kelas eksperimen. Saka dhata kasebut uga kawastanan yen media audio visual *pop up* nduweni pambada kang signifikan tumrap katrampilan nyemak cita rakyat siswa kelas VII SMP Negeri 17 Surabaya. Dadi media pasinaon kang dikembangake efektif ing pasinaon cita rakyat.

Efektivitas pasinaon bakal ditemtokake adhedhasar mundhak lan orane kompetensi nulis teks cita rakyat siswa kelas VII SMP Negeri 17 Surabaya. Tingkat efektivitas diweruhi saka signifikansi asil pasinaon siswa ing uji coba 1 lan uji coba 2. Sadurunge nindakake bab kasebut, dianakake uji reliabilitas instrumen kanggo mbuktekake yen instrumen reliabel utawa bisa dipercaya lan layak digunakake minangka instrumen pangumpulan dhata. KKM sing ditemtokake sekolah yaiku biji 75 saka biji maksimal 100. Uji hipotesis sabaen panliten bakal diandharake kanthi singkat ing ngisor iki.

Adhedhasar asil pasinaon ing kelas eksperimen lan kontrol, banjur nindakake uji hipotesis kanthi :

H_a : ana pambada kang signifikan antarane asil pasinaon nulis teks cita rakyat kelas eksperimen kang nggunakake media *audio pop-up book* lan kelas kontrol kang ora nggunakake media *audio pop-up book* siswa kelas VII SMPN 17 Surabaya.

H_0 : ora ana pambada kang signifikan antarane asil pasinaon nyemak teks cita rakyat kelas eksperimen kang nggunakake media *audio pop-up book* lan kelas kontrol kang ora nggunakake media *audio pop-up book* siswa kelas VII SMPN 17 Surabaya. Asil kasebut bisa diarani

signifikan yen $t_{hitung} \geq t_{tabel}$ tandingan saka pangitungan signifikan kaandharake kaya ing ngisor iki.

ASIL UJI HIPOTESIS

1) Asil Uji Hipotesis Uji coba 1

Hipotesis ing kene wis ditemtokake sadurunge uji coba 1 ditindakake. Hipotesis iki nggunakake rong variabel, rong variabel kasebut bakal dibandhingake. Variabel ing uji coba 1 iki yaiku kelas eksperimen lan kelas kontrol. Uji coba 1 iki dianggep kasil yen " H_0 ditolak" lan " H_a ditampa". Asil hipotesis saka uji coba 1 bakal dijlentrehake singkat kaya ing ngisor iki.

(1) Mbandhingake asil *pre-test lan post-test* kelas eksperimen

$$t_{hitung} = 18,27 \geq t_{tabel} = 1,304 \text{ (signifikan)}$$

Asil kasebut nuduhake yen " H_0 ditolak" lan " H_a ditampa".

(2) Mbandhingake asil *pre-test lan post-test* kelas kontrol

$$t_{hitung} = 11,31 \geq t_{tabel} = 1,66 \text{ (signifikan)}$$

Asil kasebut nuduhake yen " H_0 ditolak" lan " H_a ditampa".

(3) Mbandhingake asil *pre-test lan post-test* kelas eksperimen lan kelas kontrol

$$t_{hitung} = 3,054 \geq t_{tabel} = 1,304 \text{ (signifikan)}$$

Asil kasebut nuduhake yen " H_0 ditolak" lan " H_a ditampa".

Asil Uji Hipotesis Uji coba 2

Ngrumusake hipotesis sajrone Uji Coba Iki wigati banget, amarga saka rumusan hipotesis kang ditemtokake iki bakal diweruhi kasil lan orane panliten kasebut. Hipotesis ing uji coba 2 iki uga nggunakake rong variabel, kang bakal dibandhingake. Variabel ing Uji Coba Iki yaiku kelas eksperimen lan kelas kontrol. Uji coba 2 iki dianggep kasil menawa " H_0 ditolak" lan " H_a ditampa". Asil hipotesis saka uji coba 2 bakal dijlentrehake singkat kaya ing ngisor iki.

(1) Mbandhingake asil *pre-test lan post-test* kelas eksperimen

$$t_{hitung} = 20,09 \geq t_{tabel} = 2,05 \text{ (signifikan)}$$

Asil kasebut nuduhake yen " H_0 ditolak" lan " H_a ditampa".

(2) Mbandhingake asil *pre-test lan post-test* kelas kontrol

$$t_{hitung} = 2,5 \geq t_{tabel} = 2,05 \text{ (signifikan)}$$

Asil kasebut nuduhake yen " H_0 ditolak" lan " H_a ditampa".

(3) Mbandhingake asil *pre-test lan post-test* kelas eksperimen lan kelas kontrol

$$t_{hitung} = 12,341 \geq t_{tabel} = 2,05 \text{ (signifikan)}$$

Asil kasebut nuduhake yen " H_0 ditolak" lan " H_a ditampa".

Andharan tandingan uji hipotesis uji coba 1 lan 2 kasebut nuduhake asil " H_0 ditolak" lan " H_a ditampa" bisa negasi menawa ana pambada kang signifikan saka asil pasinaon kelas eksperimen kang nggunakake media *audio pop-up book* karo kelas kontrol kang ora nggunakake media *audio pop-up book*. Asil uji hipotesis kasebut uga bisa didudut menawa media *audio pop-up book* kang dikembangake ing Uji Coba Iki layak lan bisa digunakake ing pasinaon teks cita rakyat, media *audio pop-up book* uga efektif lan laras karo pasinaon teks cita rakyat.

2) Uji t-signifikan Kelas Eksperimen lan Kontrol Uji coba 1 lan 2

Andharan t-Signifikan klas eksperimen lan klas

Pangembangan Medhia Audhio Pop Up Book Kanggo Ngundhakake Kawasisan NGapresiasi Crita Rakyat SMP Negeri 17 Surabaya

kontrol ing ujicoba nggunakake I lan II. Bisa diweruhi saka asil andharan ing nduwur yen t-Signifikan anatarane klas eksperimen kang nggunakake medhia karo klas kontrol kang ora nggunakake medhia nuduhake pambada kang adoh banget. Luwih cethane pambandhinge bakal kaandharake kaya mangkene. Asil pangetungane bisa dideleng ing tabel iki:





Diagram Asil Respon Siswa Kelas Uji Instrumen lan Kelas Eksperimen



Adhedhasar diagram kasebut, bisa diweruhi asile respon siswa antaranane kelas instrumen lan kelas eksperimen. Asil kang dituduhake yaiku respon siswa saka kelas instrumen luwih endhek tinimbang respon kang dituduhake ing kelas eksperimen. Asil kasebut disebabake amarga ing kelas eksperimen, siswa luwih semangat lan luwih ngrasa ana pambada antaranane pasinaon crita rakyat sing ora nggunakake medhia karo pasinaon kang nggunakake medhia. Mula, asil kang dipikoleh saka respon siswane luwih dhuwur, yaiku 96,2%. Dene ing kelas uji instrumen, asil kang diolehi yaiku 95,2%.

Asil respon siswa kelas VII-G kang minangka kelas eksperimen, sawise nggunakake medhia *audhio pop-up book* kagolong “apik banget”, kanthi persentase 96,2%. Mula saka iku bisa nuwuhake dudutan yen medhia *audhio pop-up book* iki ditanggepi dening siswa kanthi apik. Siswa uga tuwuh rasa seneng lan semangat nyinaoni materi ngapresiasi teks crita rakyat. Amarga ana medhia kang bisa narik kawigatane.

DUDUTAN

Dudutan saka asiling panliten lan pamrayoga kang bisa digunakake minangka lelandhesan panliten sabanjure. Dudutan ing uji coba Iki adhedhasar dhata kang wis diolehi ing panliten lan sing wis diandharake ana bab-bab

sadurunge. Saliyane dudutan, ing bab iki uga bakal ngamot pamrayoga.

Adhedhasar asil tintingan kang diandharake ing bab IV bisa didudut yen pangembangan medhia audhio *pop-up book* wis layak digunakake kanggo panliten lan kagolong efektif ing pasinaon ngapresiasi crita rakyat. Babagan kasebut bisa dibuktekake kanthi anane proses pangembangan medhia kang ditindakake kanthi 9 tahap salaras karo pola pangembangan modhel Sadiman. Proses pengembangan medhia kawiwitan kanthi idhidentifikasi kabutuhan siswa nganti medhia sing siyap diprodhuksi. Ing analisis kabutuhan siswa rata-rata HP saka 2 sampel kelas eksperimen lan kelas kontrol, yaiku 2,125 sing kagolong “kurang njangkepi kompetensi”, saengga dikembangake medhia *audhio pop-up book* kang dirasa laras karo kabutuhan siswa. Sawise kuwi ngrumusake tujuan, ngrumusake butir-butir materi, ngrumusake piranti pangukur kasuksesan, nulis naskah crita rakyat kanggo materi, validhasi, tes/uji coba, nindakake revisi, banjur medhia wis siyap digunakake amarga validhator nyatakake yen medhia *audhio pop-up book* layak digunakake.

Ahli materi menahi biji 94,28% kang kagolong “apik banget”. Semono uga ahli medhia menahi persentase kang kagolong “apik” yaiku 82,5%. Sabanjure medhia pasinaon diujicobakake ing siswa kelas uji instrumen asile itung = 0,992 > 0,3160 ateges layak. Efektifitas medhia *audhio pop-up book* diweruhi saka asil pasinaon siswa ing kelas eksperimen kang nggunakake medhia lan kelas kontrol kang ora nggunakake medhia sajrone proses pasinaon ing kelas. Saka asil pasinaon ing rong kelas kasebut bakal dibandingake lan ngasilake dhata yaiku ana lan orane pambada kang signifikan sajrone panganggone medhia *audhio pop-up book*. Uji coba I pambanding asil *pre-test* kelas eksperimen lan kelas kontrol yaiku rata-rata kelas kontrol 56,27 dene kelas eksperimen rata-rata 66,26. Pambandhing asil *post-test* kelas eksperimen 81,07 lan kelas kontrol 68,23. Dadi pambandhinge asil uji coba I thitung = 3,054 ≥ ttabel(0,05 db=14) = 2,05. Asil iki nuduhake yen ana pambada kang signifikan. Kanthi tembung liya yen uji coba I iki nuduhake H0 ditolak lan Ha ditampa. Uji coba II ing *pre-test* ing kelas kontrol 64,7 lan kelas eksperimen 67,15. Dene *post-test* Kelas kontrol 67,55 lan kelas eksperimen 84,26 Pambandhing asil *pre-test* lan *post-test* kelas eksperimen lan kelas kontrol ngasilake thitung = 12,341 ≥ ttabel(0,05 db=14) = 2,05. Asil iki nuduhake yen ana pambada kang signifikan. Kanthi tembung liya yen Uji coba 2 iki nuduhake H0 ditolak lan Ha ditampa. Asil efektifitas medhia *audhio pop-up book* kang ngasilake dhata kaya ing ndhuwur, nuduhake yen medhia *audhio pop-up book* kang dikembangake sajrone uji coba Iki bisa digunakake kanggo mbiyantu pasinaon siswa ing materi nulis teks drama modern siswa kelas VII SMPN 17 Surabaya, Kota Surabaya. Asil kang diolehi kuwi uga gumantung saka respon siswa sawise nggunakake medhia *audio pop-up book*.

Respon siswa sawise nggunakake medhia *audhio pop-up book* nyengkuyung asil efektifitas medhia saka asil pangitungan pasinaon siswa.

Pengembangan Medhia Audhio Pop Up Book Kanggo Ngundhakake Kawasisan NGapresiasi Crita Rakyat SMP Negeri 17 Surabaya

Asil respon siswa kelas VII-G kang minangka kelas eksperimen, sawise nggunakake medhia *audhio pop-up book* kagolong “apik banget”, kanthi persentase 96,2%. Mula saka iku bisa nuwuhake dudutan yen medhia *audhio pop-up book* iki ditanggepi dening siswa kanthi apik. Siswa uga tuwuh rasa seneng lan semangat nyinaoni materi ngapresiasi teks crita rakyat. Amarga ana medhia kang bisa narik kawigatene.

PAMRAYOGA

Panliten kang ditindakake dening panliti ing SMPN 17 Surabaya, Kota Surabaya iki isih akeh banget kakurangan. Kakurangan kasebut bisa saka pengembangan medhia, proses pasinaon kang ditindakake, uga respon siswa kang wis ditindakake dening panliti. Pamrayoga kanggo panliti sabanjure yaiku bisa ngembangake medhia *audhio pop-up book* iki supaya luwih apik lan luwih canggih saka medhia *audhio pop-up book* sing wis dikembangake saiki. Pamrayoga kasebut uga ora mung marang panliti sabanjure, nanging uga marang guru lan calon guru kang sabendinane menehi piwulangan tumrap siswa-siswane. Para guru dikarepake bisa luwih kreatif lan inovatif maneh sajrone menehi piwulangan marang siswa, supaya siswa ora gampang bosen sajrone proses pasinaon. Guru uga dikarepake bisa ngundhakake kawasisan siswa ing sakabehe aspek. Kanthi anane kaya mangkono bisa ndadekake guru luwih diregani lan diajeni luwih dhuwur uga bisa ngasilake para siswa kang cerdhas lan kreatif, bisa migunani tumrap bangsa lan negara Indonesia.

KAPUSTAKAN

Arfiyanti, Wiriyani. 2012. *Pengertian Cerita Rakyat*. <http://wiriyaniarfiyanti.blogspot.com/2012/04/pengertian-cerita-rakyat.html>. Diunduh Jumat, 10 November 2017

Arifin, Zainal. 2011. *Penelitian Pendidikan; Metode dan Paradigma Baru*. Bandung: Rosda

Arikunto, Suharsimi. 2013. *Prosedur Penelitian; Suatu Pendekatan Praktik*. Jakarta: Rineka Cipta

Arsyad, Azhar. 2013. *Media Pembelajaran*. Jakarta: Raja Grafindo Persada

Asyhar, Rayandra. 2011. *Kreatif Mengembangkan Media Pembelajaran*. Jakarta: Gaung Persada Press

Danandjaja, James. 1986. *Folklor Indonesia Ilmu Gosip dan Dongeng*. Jakarta: Graffiti Press

Dzuanda. 2011. Design Pop-up Child Book Puppet Figures Series?Gatokaca?. Jurnal Library ITS Undergraduate, (Online), (<http://library.its.undergraduate.ac.id>, diakses pada 11 November 2017)

Gay, L.R. (1991). *Educational Evaluation and Measurement: Com-petencies for Analysis and Application*. Second Edition. New York: Macmillan Publishing Compan

<http://lib.unnes.ac.id17654/1/1401409388.pdf/> Diakses pada 11 November 2017

Ibrahim. Sudjana. 2001. *Penelitian dan Penilaian Pendidikan*. Bandung: Sinar Baru Bandung

Jahidyah, Umu. 2016. Pengembangan Bahan Ajar Buku Teks Basa Jawa kanggo Siswa SMP Kelas VII Semester I Wonoayu-Sidoarjo. Skripsi ora diterbtake. FBS Unesa.

Majid, Abdul. 2012. *Perencanaan Pembelajaran*. Bandung: Remaja Rosdakarya

Muktiono, Joko D. 2003. *Menumbuhkan Minat Baca Pada Anak*. Jakarta: Elex Media Komputindo

Munthe, Bermawiy. 2014. *Desain Pembelajaran*. Yogyakarta: Insan Adani

Nurgiyantoro, Burhan. 2005. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press

Peraturan Gubernur Jawa Timur No. 19 Tahun 2014

Peraturan Menteri Pendidikan dan Kebudayaan RI No. 79 Tahun 2014

Peraturan Pemerintah No. 19 Tahun 2005

Poerwati, Loeloe Endah, dan Sofan Amri. 2013. *Paduan Memahami Kurikulum*. Jakarta: Prestasi Pustaka

Riduwan. 2015. *Skala Pengukuran Variabel-Variabel Penelitian*. Bandung: Alfabeta

Sadiman, Dkk. 2010. *Dasar-Dasar Statistika*. Bandung: Alfabeta

Sudjana, Nana, dkk. 2014. *Penelitian dan Penilaian Pendidikan*. Bandung: Sinar Baru Algesindo

Sugiyono. 2010. *Metode Penelitian Kuantitatif, Kualitatif, dan R&D*. Bandung: Alfabeta

Tarigan, Henry Guntur. 2008. *Menyimak: sebagai Suatu Keterampilan Berbahasa*. Bandung: Angkasa

Trianto. 2010. *Pengantar Penelitian Pendidikan bagi Pengembangan Profesi Pendidikan dan Tenaga Kependidikan*. Jakarta;Predana Media